Coronavirus CivActs Campaign presents

CIVIC ACTION TEAMS

# FAIR FACTS

अंक
**११७**

१९।०४।२०७८



## काभ्रेके धुलिखेलमे खोप लगाबके लागल भीड । नेपाल सरकार लक्षित समूहके लेल खोप कहलाके बावजुद आरो उमेर समुहके आदमीसभ सेहो लाईन लागिक खोप लगारहल छै ।

*तस्विर: रोजन तामाङ*




२०७८ साल चैत्र अन्त्यतक कोभिड - १९ विरुद्धके खोप सब नेपालीके पहुँचमे पहुचाबके सरकारके योजना सार्वजनिक ।

*थप विवरणहरुको लागि यहाँ क्लिक गर्नुहोस्*

## अई अंक भित्तर

**जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप लगेला सँ आरो बिमार भळजाईछै कहादन ।**

पहिले कोनो भी प्रकारके गम्भीर प्रकारके कुनै पनि कारणले गम्भिर प्रकारके एलर्जीके प्रतिक्रिया या एनाफाईलेक्सिस (कोनो भी चिजके के विरुद्धमे होबवला तिव्र प्रतिक्रिया) भेल आदमीके ई खोप नै लगावके चाही ।

---

**कोरोना विरुद्ध खोप लगाईवते देरी पूर्ण रुपमे सुरक्षित नै होईछै**

दशरथा भण्डारी कोराना खोपके दुनु मात्रा लगेला सँ जोखिममे नै परब कहिक भेल भ्रम सँ मुक्त भळचुकल छैथ ।

---

**महत्वपूर्ण विषयवस्तु छोडिक जनता आ सरकारके ध्यान राजनीतिक घटनाक्रम दिस तानलक ।**

घटनासभ प्रत्यक्ष रुपमे कोभिड - १९  सँ सम्बन्धित नै भेलाके बावजुदो, अई सँ कोभिड प्रतिकार्यमे मुदा नै बढिया प्रभाव पारलक ।

# फ्याक्ट सिट

## सब नेपालीको पूर्ण खोप उपलब्ध कराब सरकारको ठोस योजना जरुरी छै

अखनतक प्राप्त खोपके मात्रा: **९७,८२,८५०**

कोभिशिल्ड खोप: **२४,४८,०००**

भेरोसेल खोप: **५८,००,०००**

जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप: **१५,३४,८५०**



- भारत सरकारसँ अनुदान प्राप्त: **११,००,०००**
- भारतसँ किनल गेले: **१०,००,०००**
- कोभ्याक्स सुविधासँ अनुदान प्राप्त: **३,४५,०००**
- चीन सरकारसँ अनुदान प्राप्त: **१८,००,०००**
- चीनसँ किनल गेल: **४०,००,०००**
- संयुक्त राज्य अमेरिकासँ अनुदान प्राप्त: **१५,३४,८५०**

२०७८ साल आश्विन महिना तक प्राप्त होई तेनाक सम्झौता कएलगेल: **८६,००,०००**



- चीनसँ किनल जायवला : **६०,००,०००**
- कोभ्याक्स सुविधासँ अनुदान प्राप्त होबवला : **१६,००,०००**
- भारतसँ किनल जायवला : **१०,००,०००**

**१६,००,०००** कोभ्याक्स सुविधासँ प्राप्त होबवला अनुदान

**१,५०,००,०००** कोभ्याक्ससँ किनल जायवला

२०७८ साल चैत्र महिनातक प्राप्त होई तेनाक सम्झौता कएलगेल : **२,६३,००,०००**

१८ वर्ष उपरके जम्मा जनसंख्या *(अखनतक खोपके लेल योग्य उमेर समूह)*: **१,७६,२३,८६६**

२०७८ साल चैत्र महिना तक प्राप्त होबवला जम्मा खोपके मात्रा : **४,४६,८२,८५०**

१८ वर्षसँ उपरके जनसंख्याद्वारा प्राप्त कएलगेल खोपके प्रतिशत **१०.२८%**

स्रोत: https://www.facebook.com/mohpnep/photos/a.489825198172671/1203603786794805/

# हल्ला आ तथ्य

?

जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप लगेलापर आरो बेसी बिमार भजाईछै कहादन । कि सच्चे ई खोप विश्वसनिय नै छै ?

जोन्सन एण्ड जोन्सन खोप लगेलाके बाद खोप लगाएल जगहपर दुखेनाई, हल्का लाल भेनाई, फुलनाई, कुरियेनाई, थकान लगनाई, कमजोरी महसुस भेनाई, जाड़ लगनाई, बुखार लगनाई, माथ दुखेनाई, जोड़सभ दुखेनाई, उल्टी हेतै जेना लगनाई, उल्टी भेनाई, गर्दन दुखेनाई, खोकी लगनाई जेहन असरसभ सामान्य छै । ओहन असरसभ १/२ दिनके बाद अपने ठिक भळजाईछै । ओई बाहेक कोनो भी गम्भीर लक्षण देखेलापर तुरन्त चिकित्सकके परामर्श लेबके चाही । लेकिन, पहिले कोनो भी कारण सँ गम्भीर प्रकारके एलर्जी के प्रतिक्रिया या एनाफाईलेक्सिस भेल आदमीके ई खोप नै लगाबके चाही ।

Source: https://drive.google.com/file/d/1NZzilIrlwtQuazu1zDz8bMdElRi58Zdr/view

?

लक्षित समुहमे परल लेकिन, शारीरिक रुपमे अशक्त भेलाके कारण सँ खोप केन्द्र जाय नै सकवला आदमीके सरकार घरेमे आबिक खोप लगा देत छै कहिक कहैत छै ।

अई सम्बन्धमे सरकार अखन तक घरघरमे खोप लगादेबके रणनीति तैयार नै केने छै । लेकिन किन्हको दिक्कत छै आ लक्षित वर्गमे परैत छी त, हुनकासभके नजिकके अपन स्थानीय तहके खोप केन्द्रमे लळजायके व्यवस्थाके लेल सम्बन्धित जिला खोप समन्वय समिति काम करहल छै । कोनो भी आदमी लक्षित वर्गमे परलाके बावजुद खोप लगाब दिक्कत भेल छै त, स्थानीय वडा कार्यालयसँ समन्वय कर स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय जनौलक अछि ।

Source:https://cutt.ly/pQhCJja

?

आब १२ वर्ष उमेर सँ उपरके धियापुताके लेल सेहो सरकार खोप अनलक कहिक सुनैत छी । कहिया सँ लगेतै धियापुताके खोप ?

१२ वर्ष उमेर सँ उपरके धियापुताके लगाब मिलबला फाईजर खोपके लेल सकारात्मक रुपमे काम आगु बढिरहल बात सरकार कहने छै । अई अनुसार ६० लाख डोज फाईजर खोप नेपाल सरकार आनत । लेकिन, ऊ खोप कहिया आयत कहिक निश्चित नै भेल छै ।

Source: https://cutt.ly/gQh1eoR

# कोभिड - १९ के समयमे राजनीतिक अस्थिरता

## कोभिड - १९ के समयमे दर्ता भेल राजनीतिक घटनासभ

COCAP




## महत्वपूर्ण विषयवस्तु

छोडिक जनता आ सरकारके ध्यानाकर्षण भेलै



*स्पष्टिकरण: ई आँकडा अनलाईन मिडिया, राष्ट्रिय दैनिकसभ, जिला स्तरमे प्रकाशित होबवला पत्रपत्रिकासभ आ नेपाल प्रहरीके वेवसाईटसँ संकलन कल एकिकृत कएलगेल छै । तै, अईसँ वास्तविक आँकडा सँ बेसी निर्धारित समयमे सम्बन्धित घटनाके प्रवृतिके उजागर करैत छै ।*

सन् २०२१ मे सेहो नेपालमे राजनीतिक विरोध आ प्रदर्शनी के उचित जगह भेटलै । २०२० मे भारतसँगेके सीमा विवाद शुरु भेल देशके अस्थिरतासँ बहुते राजनीतिक घटनासभ जेना, प्रतिनिधिसभा विघटन आ पुनर्स्थापना, राजनीतिक दल बीचके आपसी द्वन्द, प्रधानमन्त्रीके नियुक्ति लगाएतके परिघटनासभ निरन्तरता भेलै । ई संगे नेपाल कोभिड - १९ महामारीके कारण सेहो अस्थीर बनलै । उपर उल्लेख कएलगेल घटनासभ प्रत्यक्ष रुपमे कोभिड - १९ सँ सम्बन्धित नै भेलाके बाबजुदो, अई सँ कोभिड प्रतिकार्यमे लेकिन नै बढिया प्रभाव पारलक । अई समयमे सर्वसाधारण जनताके ध्यान महामारी सँ बेसी राजनीतिक परिघटना तनने छै । एहि बीचमे भेल राजनीतिक परिवर्तन, विरोधसभासभ आ राजनीतिक दलके अअपन अपन मांगके कारण सार्वजनिक सेवा प्रवाह सेहो नै बढिया सँ अस्तव्यस्त भ गेलै । एहि सँ कोभिड प्रतिकार्यके चुनौती उपर चुनौती थपदेलकै । तै सँ, एहि महामारीके अवस्थामे राजनीतिक दलके नेतृत्वकर्ता विरोधके नाममे समस्या उत्पन्न कलक मूल विषयवस्तुके छायाँमे पारके सटहा महामारी विरुद्ध एकजुट भलक लड़नाई जरुरी छै ।

Source: https://nepalmonitor.org/

# श्रमिक संगी

**Shramik Sanjal**

## कतार बाहर कोनो भी खोप लगेने होई यात्रुके अनिवार्य १० दिन होटल क्वारेन्टाईन मे रह परतै

ईपीएस परीक्षा पास केने आदमी कोरिया जाय पाओत । करिब १० हजार श्रमिकसभ कोरोनाके कारण सँ ईपिएस पास केलाके बादो रोजगारीके लेल कोरिया जाय नै पौने छलै ।

### कतार:



- कतार फेरो अपन क्वारेन्टाईन नियम परिवर्तन केने छै । अगस्त २ सँ लागु कलक नेपाल सँ फिर्ता आबवला यात्रुसभके यात्रुसभके होटल क्वारेन्टाईनमे रह परतै ।
- कतारमे दुनु मात्रा खोप लगेने या कतारमे कोभिड - १९ संक्रमण भल निक भेलाके १२ महिना नै नाघल अवस्थामे यात्रुके २ दिन होटल क्वारेन्टाईनमे रह परतै । दोसर दिनमे पिसीआर परीक्षण नतिजा नेगेटिभ एलापर अपन गन्तव्य दिस जाय पाएब । लेकिन, कतार बाहर कोनो भी खोप लगेने या नै लगेने यात्रुसभके १० दिन होटल क्वारेन्टाईन मे रह परतै ।

### यूएई:

- अगस्त २ सँ दुबईके सरकारी कार्यलयमे जायके लेल खोपके दुनु मात्रा पुरा केने या ४८ घण्टा सँ कमके पिसिआर नेगेटिभ रिपोर्ट अनिवार्य कएलगेल छै ।
- ३ वर्ष सँ १७ वर्ष उमेर समुहके लेल सिनोफार्म खोप परीक्षणके लागि अभिभावकके सहमतीमे ९०० कोई नाम दर्ता करेने छैथ ।

### कुवेत:




- अगस्त १ सँ कुवेतमे अनुमोदित खोप लगेने आप्रवासीके प्रवेश अनुमती देवके निर्णय अनुसार पहिल दिन ८ टा उडानसँ ७३९ यात्रुसभ कुवेत आएल अछि ।
- नेपालसँ जोन्सन एन्ड जोन्सनके खोप लगेलाके बादो खोप कार्ड क्यूआर कोडमे उपलब्ध होब नै सकला सँ अखनो नेपालीसभके कुबेत आबके अनुमति नै भेटल छै । जल्दिए क्यूआर कोड प्रणाली आनल जाएल से जनाओल गेल छै ।
- कुवेतद्वारा नेपाल लगाएत कोरोनाके उच्च जोखिम भेल ५ टा देशसँ सिधा उडान १० अगस्त तकके लेल स्थगित केने छै ।

www.facebook.com/shramik.sanjal सँ आँहा प्रत्येक रविदिन, बुधदिन आ शुक्रदिन साँझमे युएई समय UAE Time (8:00 PM), Qatar, KSA, Kuwait (7:00 PM) Malaysia (12 Midnight) मे हमरासभके प्रत्य देख सुन सकैत छी।

LIVE

# खिस्सा किनाराके

## कोरोना विरुद्ध खोप लगाईवते देरी पूर्ण रुपमे सुरक्षित नै होईछै

महोत्तरी सदरमुकाम जलेश्वरमे ४० बर्ष सँ पत्रकारिता कलरहल वरिष्ठ पत्रकार दशरथ भण्डारी पौर साल त कोरोना सँ बचिगेलाह, लेकिन दोसर लहरमे संगीनी सगे ऊहो संक्रमित भेलाह । कोरोना संक्रमितसभके संख्यामे वृद्धि भलरहल समयमे बैशाख महिनाके दोसर सप्ताहमे ऊ संक्रमित भेल छलाह । हुनका संक्रमण पुष्टि भेल समयमे हुनका कोभिशिल्ड खोपके दोसर खुराक लगेला १० दिन भेल छलै ।

कोरोना संक्रमित भेल प्रतिवेदन एलाके बाद दूटा बातसँ हुनकर मनमे अनेको प्रश्नसभ एलै । पहिल, कोरोना विरुद्धके दुनु मात्रा लगेलाके बादो संक्रमण होब सकैय । दोसर, घरमे बेटीके नवजात शिशु छै । आब ओकरा केना सुरक्षित राखब ? अपने संक्रमित भेलाके दोसर दिन बेटीके नवजात शिशु सहित सासुर पठा देलैथ । संक्रमण भेलाके पाँच दिनतक हुनका एकदमे दिक्कत भेलैन्ह । ओई समय जलेश्वर अस्पतालमे कोभिडके रोगीके लेल कोनो तैयारी नै छलै । लेकिन, किछ स्वास्थ्यकर्मीसभ जोखिम मोईलोक घरमे आबिक देखभाल कलदेलैथ । जै सँ ऊ किछ राहत महसुस केलैथ । ओईपर सँ पत्रकारके पौर साल भेल निर्णय अनुसार कोरोना उपचार बीमासँ भुक्तानी देव नै मिलत वला बात सँ आरो तनाब देलक । तै अवधीमे ऊ प्रधान सम्पादक रहल पत्रिका प्रकाशित करवला काम सेहो अवरुद्ध भेलै ।

सूचना प्रवाह करके जिम्मेबारीमे रहल भण्डारी अपने संक्रमित भेलाके बाद बुझलैथ, सरकार सँ घोषणा भेल कोनो भी सुविधा जनता पाब नै सकल अछि । दोसर बात,

> **कोरोनाके खोपके दुनु मात्रा लगेलाके कारण जोखिममे नै परब कहिक परल भ्रम सँ ऊ मुक्त भलचुकल छथि । ओना त खोपके दोसर खुराक लगेलाके १४ दिन**

> **बाद मात्रे शरीरमे एन्टीबडी बनैत छै से बात बहुतोरास संचारमाध्यम सँ सुनने छलैथ, लेकिन बेवास्ता केला सँ संक्रमित भेल भण्डारी आब मुदा जोखिम मोल नै चाहैत छैथ ।**

ऊ पूर्ण स्वास्थ्य सुरक्षा मापदण्ड पालना करैत पुन: दैनिक काममे लागि चुकल छैथ ।



# भोइसेस आउट लाउड - हमर बात



## नारायण न्यौपान

बडाध्यक्ष,
तिलोत्तमा नगरपालिका -९, रुपन्देही

दोसर लहरके शुरुमे हम अपने संक्रमित भेलौं । कोरोना सामान्य जेना लगैत छल, लेकिन अपने संक्रमित भेलाके बाद सामान्य रुपमे नै लेबके चाही से अनुभव भेल । ओहुना दोसर लहरमे तैयारी नै पुगाला सँ बहुते आदमीके अकालमे जान गुमाब पड़ल नै बढिया पाठ सिखेने अछि । संभावित तेसर लहर सँ बचके लेल स्वास्थ्यकर्मीसभसंगेके सहकार्यमे तैयारी आगु बढेने छी । १०० टा आधुनिक शैया किना चुकल अछि । अक्सिजन केन्द्र बना चुकल छी । अक्सिजनके अभावमे किन्हको जान नै गुमाब परै तै मे सचेत छी ।

कोरोनाके पहिल लहर चैलरहल समयमे बैशाखेमे हम गम्भीर बिमार परलौं । ७ दिन अस्पतालमे रह पड़ल । कोरोना मुख्य सम्पर्क व्यक्ति छैथ कहिक बुझलाके बाद चिकित्सक सेहो ईलाज कर सँ डराएल । रिर्पोट नेगेटिभ एलाके बाद तब हमर ईलाज भेल । तेकर बाद ७/८ बेर पिसिआर परीक्षण करेलौं, लेकिन संक्रमण पुष्टि नै भेल अछि । अखन कोरोना विरुद्ध कोभिशिल्ड खोपके दुनु मात्रा लगा चुकल छी, लेकिन तैयो स्वास्थ्य मापदण्ड कडाई सँ पालना करहल छी । अखन विश्वस्वास्थ्य संगठन कोरोनाके तेसर लहरके चेतावनी देलाके बाद नेपाल सरकारके परिपत्र अनुसार तैयारीमे जुटल छी ।

## केदारनाथ साह

कोरोना फोकल पर्सन,
जिल्ला स्वास्थ्य कार्यालय, रुपन्देही





# FAIR FACTS

is a product of:

CIVIC ACTION TEAMS

**फेयर फ्याक्ट्स** एकटा खुला अभियान छै, जै सँ नागरिक, नेतृत्वकर्ता आ बहुतोरास निकायके एक सुत्रमे जोडैत अछि । साथसाथे, अई सँ कोभिड - १९ सम्बन्धी गलत सूचना आ हल्लासँ निमन्त्रीत करवला समस्याके तथ्यपर आधारित जानकारीके माध्यमसँ समाधान करैत छै । कोरोना भाईरस सँ आमन्त्रीत अखनके अवस्थामे सेहो स्वास्थ्य सेवा, जीविकोपार्जन आ सामाजिक सुरक्षा सम्बन्धी विषयमे जल्दी आ विश्वसनिय सूचनाके जरुरतके जोड़ दैत छै । तै सँ सेहो हमसभ स्पष्ट तथ्यके माध्यम सँ परिवर्तनके संबाहक अभियन्ताके एकटा मजबुत संजाल बनाक महामारीके समयमे नै सुनल खिस्सा आ आवाजसभके शक्तिके निष्पक्ष आ न्यायोचित प्रतिकार्यमे उपयोग कर सहयोग करैत छी।

कोभिड - १९ मात्रे स्वास्थ्यसँ सम्बन्धित संकटमात्रे नै छै, अई सँ शासन प्रणालीके जवाफदेहिता आ निष्ठाके सेहो प्रभावित करैत छै । तै सँ कोरोना भाईरसके हराबके लेल हमसभ तथ्यके खोजी करैत छी, जरुरी जानकारी प्रसार करै छी आ अईके लेल बृहत संजाल बनाबैत छी ।

Brought to you by:

accountabilitylab communities

**DISCLAIMER**

अई अंकमे समेटलगेल हल्ला, सवाल तथा सूचनासभ, बहुतोरास संस्था तथा व्यक्ति, नेपाल सरकार स्वास्थ्य तथा जनसंख्या मन्त्रालय आ विश्व स्वास्थ्य संगठनके वेबसाईट, सामाजिक सञ्जाल, ७ टा प्रदेशमे रहल कम्युनिटी फ्रन्टलाईनर्स आ सिभिक एक्सन टिम विगत एक सप्ताहमे बहुतो आदमीसभसंगेके प्रत्यक्ष तथा अप्रत्यक्ष संवादसँ संकलन कएलगेल छै । विषयके महत्व, सान्दर्भिकता आ तीव्रताके ध्यान दलक हल्ला, सवाल तथा जिज्ञासासभ छनौट कएलगेल छै । अई अंकमे समेटलगेल जानकारी बुलेटिन प्रकाशित भेल मिति तक सत्य छै ।

**REACH OUT TO US ON**

- Facebook: @CivicActionTeams
- Instagram: @civacts
- Twitter: @CivActs
- YouTube: Civic Action Teams
- SoundCloud: /accountability_lab

Email: civactsnp@accountabilitylab.org
Phone: 9851203219